



Pou Piblikasyon Imedya: 16/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON PREZANS REKÒ NAN PAK ETA NEW YORK YO POU ANE 2022 A

*Prezans nan tout eta a atenn 79.5 milyon vizit, yon milyon anplis pase ane 2021
an*

Gade prezans pou pak endividyèl yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prezans anyèl nan pak eta a, sit istorik, teren kan ak santye ki te opere pa Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York te wè yon rekò 79.5 milyon vizit nan ane 2022 a. Total vizit nan tout eta a te ogmante pa plis pase yon milyon konpare ak ane anvan an, sa ki souliye angajman Gouvènè Hochul te pran pou asire ke envestisman an nan pak yo ak nan rekreyasyon pral rantab pou Nouyòkè yo ak vizitè yo.

"Soti nan Niagara Falls pase Bear Mountain rive Jones Beach, Pak Eta New York yo ofri rezidan yo ak vizitè yo opòtinite pou yo rekonekte ak anviwònman an, respire lè fre, epi jwenn rekonfò nan anviwònman natirèl pa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman nou an pou revitalize sistèm pak la, agrandi espas ouvè, ak pwoteje litoral nou yo pral asire jenerasyon k ap vini yo ka jwi divès anviwonman eta sa a gen pou ofri."

Prezans nan Pak Eta New York la ap monte san rete pandan plis pase yon deseni, kote li te ogmante 43 pousan depi 2008. Pami Pak Eta ke yo pi vizite yo an 2022 te gen Pak Eta Niagara Falls (9.4 milyon vizit), Pak Eta Jones Beach (8.5 milyon vizit), Pak Eta Robert Moses (3.8 milyon vizit), Saratoga Spa (3.5 milyon vizit), Pak Eta Sunken Meadow (3.1 milyon vizit) Pak Eta Denny Farrell Riverbank (3 milyon vizit) ak Pak Eta Bear Mountain (2.4 milyon vizit).

Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare, "Pak Eta rekonesan anvè moun ki retounen yo ak moun k ap dekouvri sa tout Pak Eta ak Sit Istorik yo gen pou ofri yo. Avèk sipò Gouvènè Hochul, n ap travay pou akeyi vizitè sa yo pi byen, jwe yon wòl pozitif nan ekonomi lokal yo, epi adrese defi chanjman klimatik yo."

Bidjè Gouvènè Hochul pou ane fiskal 2024 la li pwopoze a angaje 200 milyon dola nan finansman kapital pou kontinye transfòmasyon pak prensipal New York yo, sipòte pwojè enfrastrikti enpòtan yo, epi ede atenn objektif pou alimante enstalasyon pak yo ak enèji renouvlab dis 2030. Propozisyon bidjè a ta amelyore mendèv ajans lan tou pou sipòte yon nouvo klas Park Police Academy, Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal (Environmental Bond Act), Santye Empire State (Empire State Trail) la, administrasyon pak ak operasyon sit yo. Anplis de sa, 4.2 milya dola "Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act)" la pral ranfòse finansman pou alèjman chanjman klimatik, restorasyon ak pwojè rediksyon risk kont inondasyon, ak pwoteksyon espas ouvè pou kontinye amelyore jerans 141,6400 ekta ak 482 km litoral sistèm pak la.

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Pak Eta klas mondyal New York yo se yon bijou nan kouwòn vwayaj ak touris eta a, soti nan kaskad dlo ki gen menm non ak Niagara Falls, rive nan chemen pitorèsk nan Watkins Glen, rive nan far lejandè nan Montauk Point lan. I LOVE NY kontinye travay avèk patnè Pak Eta nou yo pou ankouraje vwayajè atravè mond lan eksplòre pak, teren kan ak sit istorik nou yo nan kad pwochen vwayaj yo nan New York."

Prezidan Konsèy Pak Eta New York la, Bryan Erwin, te deklare, "Pou bay yon ide sou anplè chif sa yo, rekò prezans sa yo rivalize ak depase prezans nan pifò Pak Nasyonal yo. Epi Gouvènè sa a ap rankontre moman sa a nan de fason: 1) Investisman nan Lwa sou Obligasyon an pral bay enfrastrikti enpòtan pou asire ke pak nou yo rezistan fas ak klima a epi tou pou sipòte ogmantasyon vizit nou yo, epi 2) devlope ak soutni pwofesyonèl pak yo pou ekipe pak nou yo ak anplwaye kòm sadwa epi elaji prezans Polis Pak nou an pou asire sekirite tout kliyan nou yo."

Nouvo Direktè Ekzekitif Parks & Trails New York la, Paul Steely White, te deklare, "Chif vizit sa yo vrèman estrawòdinè. Prezans chak ane nan Pak Eta New York yo kounye a senk fwa pi wo pase Yellowstone, Grand Canyon ak Yosemite--ansanm. Kounye a, travay nou se asire ke pak nou yo gen resous pou akomode demann istorik sa a, epi asire ke tout Nouyòkè yo pataje benefis sante, anviwònmantal ak ekonomik yo."

Kim Elliman, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan Enstiti Espas Lib la, te deklare, "Chif prezans ki bat rekò sa yo montre lanmou Nouyòkè yo genyen pou pak ak espas deyò nou yo epi tou montre yon bezwen klè pou plis pwoteksyon ak travay amelyorasyon pak ak santye pou sipòte bezwen k ap toujou emèje yo. Benefis pak yo inivèsèl, epi nou bat bravo pou administrasyon an pou angajman kontinyèl yo pou konekte moun ki soti nan tout orijin ak eksperyans ak bèl resous natirèl New York yo."

Ned Sullivan, Prezidan Scenic Hudson lan, te deklare, "Antanke yon òganizasyon ki byen anrasinen nan misyon pou fè tè ak lòt mèvyè natirèl yo disponib pou piblik la nan Hudson Valley, nou bat bravo pou 79 milyon vizitè ki gen aksè ak bèl sistèm pak eta New York la. Reyalizasyon enpresyonan sa a montre wòl enpòtan pak lokal yo ak eta

yo, ak tè konsèvasyon ke fidisi yo posede atravè eta a, jwe nan bay tout Nouyòkè ak vizitè ki soti andeyò eta yo eksperyans ki an sekirite, abòdab, edifyan. Nou remèsye pwofondman Gouvènè Hochul ak Komisè Kulleseid pou lidèchip san parèy yo genyen nan avanse investisman kontinyèl nan pak nou yo epi nou pa ka tann pou eksplore opòtinite pou administrasyon an ak Lejislati a pou repete nivo finansman istorik ane pase a pou investisman kapital pak yo."

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York lan sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif ak lansman bato yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite parks.ny.gov, koneke sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418